



## ÉVÊCHÉ DE PORT-DE-PAIX

Tel. : +509 3834-6747

Email : pbart529@yahoo.fr

Prot.: Dio/PDP/2025-416

Podpè 19 septanm 2025

### Not pou Laprès

« *Rete nan syèl la, Granmèt, lonje men ou pran m. Rale m sòti nan mitan gwo danje dlo yo.* ». (Sòm 143, 7)

1. Frè n ak sè n yo, pitit gason ak pitit fi depatman-an. Pwovèb la di : « Nen pran kou, je kouri dlo ». Nan jou jedi 18 septanm 2025 lan, gwo lajounen, bandi ak zam atake vil Basen Ble, premye vil pou antre nan Nòdwès sòti Gwo Mòn. Yo antre san yo pa jwenn okenn rezistans nan men lapolis. Yo atake epi boule komisarya, boule lokal meri a, yo touye yon jèn pwofesè lekol, yo antre nan lopital, yo piye yon kès popilè, yo kidnape moun, yo mete anpil panik nan vil la. Anpil moun nan Basen Ble gen tan rive chape poul yo, kouri kite lakay yo, fose travèse rivyè yo ak gwo dlo, pou yo pa viktim anba men atoufè.
2. Se yon sitiyasyon ki mete tout popilasyon Nòdwès la nan gwo tèt chaje, nan gwo kè sote. Paske, pat ko janm gen zak bandi sou fòm sa a ki fèt anndan depatman an. Nap mande poukisa se nan moman sa a bandi yo deside atake popilasyon an epi kòman fè komin Basen Ble ki tou pre lokalite Tibwadòm, ki se baz gang “kokorat san ras”, pa janm ka gen yon prezans polis ki pi fò, ki byen pare pou fè fas ak bandi yo. Se 2 ou 3 gress polisyè sèlman ki te nan komisarya a. Poukisa pa janm gen yon antant ant Polis latibonit ak Polis Nodwès pou deloje gang sa a ki chita nan Tibwadòm depi plis pase twa lane ? Nou konstate kijan nèg ak zam yo jwenn mwayen antre nan vil la byen fasil san okenn rezistans. Yo fin fè tout vye zak yo, maltrete, touye moun nan polilasyon an epi yo retounen san pwoblèm nan baz yo.
3. Konsa, nou menm nan depatman Nòdwès la, nap mande kisa pou nou fè, kisa nou ka fè paske nou pa gen pyès lòt kote ankò pou nou kouri ? Kisa lapolis ak responsab yo nan tèt leta a ak gouvènman an nan peyi-a ap di pou popilasyon Nòdwès la ki te deja nan gwo tèt chaje lavi chè, mizè ak grangou paske fòk yo peye bandi tout tan pou yo rive ak machandiz yo nan depatman an ? Kòman fè yo kite kalite plan makyavelik sa-a ap egzekite byen fasil konsa sou tout peyi-a ? Aprè Pòtoprens, Latibonit, Ench men koulye a se Basen Ble nan Nodwès. Mezanmi poukisa otorite nan leta yo ki responsab pou bay pèp la sekirite, kite peyi a rive nan eta sa-a ? Ayisyen, sa nap fè ak peyi nou an ? Kote plan pou detwi, pou fini ak peyi sa a sòti ? Gade nan ki nivo



## ÉVÊCHÉ DE PORT-DE-PAIX

Tel. : +509 3834-6747

Email : [pbart529@yahoo.fr](mailto:pbart529@yahoo.fr)

ayisyen vin tounen malfektè pou pwòp ayisyen parèy li. Nou bouke, nou bouke, nou bouke mezanmi. Eske pa gen moun ankò nan peyi-a ki pou tandem rèl moun Nodwès ki nan gwo soufrans depi kèk tan? Yon ti kal konsyans couple pou-n ka chanje sa ki dwe chanje paske se frè ak sè nou ye. Ann sispann kwè nan bél pawòl, koulye a se bon jan aksyon ak rezulta nou bezwen sou teren an.

4. Nou menm nan depatman Nòdwès, nou leve vwa nou byen wo pou mande sekou paske n-ap soufri depi trò lontan anba men bandi. Nou mande Leta santral bay lapolis nan Nòdwès mwayen ak bon jan ekipman pou fè fas ak bandi yo. Pa gen yon gress cha blennide nan yon depatman ki chaje ak bandi depi kèk lane, pa gen kote pou ranfò vini byen vit. Nou pa gen anpil polisye, men depi ta gen bon jan ekipman, bon jan materyèl, y ap rive fè plis jefò. Si pa gen anyen ki fêt prese prese pou moun Nòdwès, se tout depatman an n-ap pèdi. Nou mande popilasyon Nòdwès la rete vijilan, ann fè sa n kapab pou-n pa kontinye sibi move zak bandi atoufè nan depatman an. Nou pa gen lòt kote nou ka viv ke nan pwòp lakay nou, pwòp peyi nou.

5. Nou wete chapo byen ba pou-n salye fanmiy jèn pwofesè sa a ki jwenn lanmò li nan move kondisyon sa-a. Nou mande pou libere frè ak sè nou yo, yo kidnape, san pèdi tan. Nou pote nou tout nan lapriyè ak solidarite youn ak lòt pandan n-ap mande responsab yo nan leta a pran responsabilite yo. Ayisyen, ann sove Ayiti, nou pa gen lòt kote pou-n viv. Nou pa gen anpil tan ankò avan li twò ta. Bondye pap sove nou san nou.

6. Manman Imakile, manman lesperans, lapriyè pou nou, pou sa nou dwe fè pou peyi nou an, pou depatman nou an, nou rive fè l tout bon vre ak konkou favè Bondye.

Nòt sa-a sòti nan Eveche Pòdpè, jou ki vandredi 19 septanm 2025.

Siyati Konsèy presbiteral :

Dsce Frélypte v.g  
R.P. duckson Eugène Ette  
P. Wilfran Josaphat  
Bertrand Dubreuil  
P. Eric Phanord  
Anne Phéogue Ette

Kongo-Wedson Fortius  
Gérard Désiré Ptbo  
Matthew Dorely

+ Barthélémy Bartelus  
Monsenyè Charles Peters BARTHELUS  
Evèk Dyosèz Podpè-a

